**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

Nókis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62
Tel: (0-361) 222-24-37, 222-95-20: www.kkedu.uz,e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

**"23" – aprel 2021-j** **№ 01-02/01-2104**

**Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасына**

Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектеби муғаллимлериниң 2021-жыл 19-март күнги жоллаған мүрәжатын үйренип шығыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 5-апрельдеги 87-санлы буйрығы тийкарында дүзилген исши топар тәрепинен усы жылдың 6-8-апрель күнлери үйрениў жумыслары алып барылды.

Исши топар тәрепинен мүрәжат тийисли тәртипте, һәр тәрепламе толық үйренилип шығылып, үйрениў жуўмағы бойынша мағлыўмат таярланды. *(Мағлыўмат нусқасы қоса тигиледи)*

2021-жыл 14-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы билимлендириў министрлигинде, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде тәлимниң сыпатын көтериў ҳәм де мектеп жәмәәтиндеги саламат орталықты тәртипке салыў мақсетинде жыйналыс өткерилди. (Жыйналыс баянламасы нусқасы қоса тигиледи).

Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектептиң кең жәмәәтшилиги арасында қатар наразышылықлардың келип шығыўына себепши болған мектеп директоры тәрепинен жумысқа қабыл етиў бойынша шығарылған буйрықларды белгиленген нызам талапларына тийкарланып ҳуқықый тәрептен қарап шығыўын сорап 2021-жыл 22-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы Нөкис қалалық прокуратурасына 01-02/01-2079-санлы хат жиберилди. (Хаттың нусқасы қоса тигиледи).

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: Ж.Раметуллаев
Тел: 8 (361) 222-16-51

**2021-жыл 19-март күни Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң бир қатар оқытыўшылары тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине жоллаған мүрәжатын үйрениў жуўмағы бойынша**

## МАҒЛЫЎМАТ

1. Мүрәжатта К.Утеповаға Мийнет министрлиги тәрепинен 2020-жылы 16-июнь күни жазылған жуўап хаты бойынша Э.Палуанова тәрепинен Мийнет Кодексиниң 73-96-статьялары бузылып, ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққында кодексиниң 49-статьясы менен базалық есаплаў муғдарының 5 есеси муғдарында жәриймаға тартылғанлығы көрсетилип өтилген. Бул бойынша үйренилгенде Хожели районы бәнтликке көмеклесиў орайының 2020-жыл 16-июнь сәнесиндеги 447-санлы хатында 50-мектеп директоры Э.Палуановаға 2020-жыл 8-июнь күни ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 49-статьясы менен базалық есаплаў муғдарының 5 есеси (1115000 сўм) жәриймаға тартылғанлығы көрсетилген, бирақ мектеп директоры Э.Палуанова бул бойынша хабары жоқ екенлиги ҳәм төлемегенлигин айтып өтти ҳәм мүрәжаттың бул бәнти тастыйықланбады. (Хожели районы бәнтликке көмеклесиў орайының 2020-жыл 16-июнь сәнесиндеги 447-санлы хаты қоса тигиледи)

2. Мурәжатта 50-санлы мектеп директоры Э.Палуанова Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 174-237-статьяларын бузып Г.Назарханованы жумыстан босатып мийнет шәртнамасын 2020-жыл 7-октябрьде тоқтатып,бул муғаллим 3 (үш) ай даўамында жумыссыз қалды. Ақыбетинде Қарақалпақстан Республикасы районлараралық пуқаралық суды тәрепинен 2020-жыл 4-октябрь күнги 12-санлы буйрығы бийкар етилип, Г.Назархsecurityованың бузылған ҳуқықлары қайта тикленди. Мине усы суд тәрепинен ҳуқықлары тикленгеннен кейинде мектеп директоры Э.Палуанова Г.Назархановаға басым өткерип суд уйғарыўы жазылған қағазды алмай жерге ылақтырып өзиниң жеке «мен»ин көрсетти. Ҳәттеке суд уйғарыўына бағынбай еки мәрте буйрық шығарып айлық ис-ҳақыларын көз көреки ўақтында төлемей сергиздан етип қойды деп көрсетилген.

Бул бойынша анықлық киритилгенде Г.Назархановаға 2020-жыл 17-сентябрь сәнесинен баслап, 50-санлы мектеп директорының Г.Назархановаға жоллаған 130-санлы билдириў хатына тийкарланып табель жазылмаған. 2020-жыл 7-октябрь сәнеси менен Г.Назарханова 50-санлы мектептиң 12-санлы буйрығы менен мийнет шәртнамасы бийкар етилген ҳәм 2020-жыл 4-декабрь күнги Қарақалпақстан Республикасы пуқаралық ислери бойынша районлараралық судының 22301-2003/5143-санлы пуқаралық исти көрип шығыў суды бийлигине тийкарланып Г.Назарханова2020-жыл 7-октябрь күнинен баслап қарақалпақ тили пәни муғаллими лаўазымына қайта тикленген болып, 50-санлы мектеп директоры Э.Палуанова тәрепинен Г.Назархановының бос жүрген күнлери ис-ҳақысы ушын 929.235 сўм ҳәм руўхый зыяны ушын 480.639 сўм төлеп берилген. 2021-жыл февраль айында Г.Назархановаға 2020-жыл сентябрь ҳәм декабрь айларында төленбей қалған ис-ҳақысы 50-мектеп тәрепинен берилген қосымша табель бойынша ис-ҳақысы төлеп

берилген. (Г.Назарханованың түсиник хаты, Қарақалпақстан Республикасы пуқаралық ислери бойынша районлараралық судының 22301-2003/5143-санлы пуқаралық исти көрип шығыў суды бийлиги ҳәм 50-санлы мектеп тәрепинен берилген қосымша табельи қоса тигиледи)

3.Мүрәжатта 2020-жыл 18-сентябрь күни Г.Гапуова, А.Бахиева ҳәм Г.Назархановалар мектеп директоры Э.Палуанованың нызамға қайшы ис-ҳәрекетлеринен наразы болып Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик минстри атына жазған шағым арзасы бойынша келген жуўап хатлардада Э.Палуанова тәрепинен Мийнет кодексиниң бир қанша статьялары, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы Президентиниң карантин дәўиринде ПФ5969-санлы қабыл етилген Пәрманиның 16-бәнти бузылғанлығы жазылған. Соның менен бирге А.Бахиеваның шағым арзасын үйрениў дәўиринде Әдиллик министрлигине, Мийнет министрлиги тәрепинен жиберилген жуўап хатта Э.Палуанова Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 88-96-статьяларын бузып Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 49-статьясы менен базалық есаплаў муғдарының 5 есеси муғдарында жәриймаға тартылған. Бул жағдай бир жылда еки мәрте болып отыр деп көрсетилген.

Бул бойынша анықлық киритикенимизде Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен 2020-жыл 6-октябрьде №13/1-3/634-санлы хаты менен Нөкис қалалық ҳәкимшилик судына Нөкис қаласы Халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы мектеп директоры Э.Палуанованы Өзбекстан Республикасы «Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында»ғы нызамының 28-статьясында арза яки шағым мәселени мазмунынан шешиўи шәрт болған мәмлекетлик уйымына, шөлкемине яки олардың лаўазымлы шахсына келип түскен күннен баслап 15 күн ишинде, қосымша үйрениў ҳәм (яки) тексериў, қосымша ҳүжжетлерди сорап алыў талап етилгенде болса бир айға шекем болған мүддетте көрип шығылыўы ҳәм 33-статьясында мүрәжатты көрип шыққан мәмлекетлик уйымы мүрәжат етиўшиге көрип шығыў нәтийжелери ҳәм қабыл етилген қарар ҳаққында мүрәжат көрип шығылғаннан соң жазба яки электрон формада хабар етиўи шәрт деп белгиленген талапларын бузғанлығы ушын Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўакершилик ҳаққындағы Кодексиниң 43-статьясындағы көрсетилген ҳуқық бузарлықты ислегенлиги ушын шара көриў мәселесин соралған. Қараөзек ҳәкимшилик судының 2020-жыл 5-ноябрьдеги қарарына тийкарланып Э.Палуанова Өзбекстан Республикасы ҲЖхҚниң 43-статясында нәзерде тутылған ҳуқықбузарлықты ислеген деп табылған ҳәм Өзбекстан Республикасы ҲЖхҚниң 21-статьясы менен жуўапкершиликтен азат етилип ескертилген, ҳәкимшилик ис өндиристен қысқартылған.

Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен 2020-жыл 6-октябрьде №13/1-3/676-санлы хаты менен Қарақалпақстан Республикасы Бәнтлик ҳәм мийнет қатнасықлары министрлигине Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы мектеп директоры Э.Палуанованың ӨзР МК-нин талаплары бузылғанлығы ушын Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 49-статьясына тийкарланып жуўапкершиликке тартыў мәселесин көрип шығыў соралған ҳәм Нөкис қаласы «Бәнликке көмеклесиў орайы» тәрепинен базалық есаплаў муғдарының 5 есеси муғдарында жәриймa салынып, бул жәриймa 50-санлы мектеп директоры Э.Палуанова

тәрепинен 2020-жыл 29-октябрь сәнесинде төленген. (Қараөзек ҳәкимшилик судының 2020-жыл 5-ноябрьдеги қарары, төлем квитанциялары қоса тигиледи)

4. Мүрәжатта Э.Палуанова 2019-жыл октябрь айында 4 саат пенен география пәни муғаллими Н.Асенова декретке кеткеннен соң орнына оның күйеўи Нөкис мәмлекетлик педагогика институтының магистранты Н.Ганиев ўақтынша буйрық пенен алынғанлығы ҳәм усы күнге шекем ўақтынша 6 саат саатпай жумыс ислеп атырғанлығы көрсетилген. Бул бойынша үйренгенимизде мектепте 1-категориялы география оқытыўшысы К.Утепова сол ўақытлары 5 саатта жүргенлиги, Н.Асенова декретке кеткенен соң оның география саатлары мектеп тәрепинен Нөкис қаласы «Бәнтликке көмеклесиў орайы»на вакант орны сыпатында көрсетилмеген ҳәм Н.Ганиевқа жумысқа кириў бойынша жоллама берилмеген болсада мектеп директоры Э.Палуанова тәрепинен декрет орнына ўақтынша география оқытыўшы етип жумысқа қабыллап, мийнет шәртнамасы ҳәм буйрық рәсмийлестирилген. Сондай-ақ, Н.Ганивтиң жумысқа киргенлиги ҳаққында буйрығы менен таныстырып тил хат алынбаған ҳәм Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 82-статьясында көрсетилген талаплар бузылғанлығы анықланды. (Н.Ганивтиң мийнет шәртнамасы ҳәм буйрықтан көширмеси қоса тигиледи)

5. Мүражатта мектеп директоры тәрепинен математика пәни бойынша қәнигелер жеткиликли болсада Нөкис мәмлекетлик педагогика институтының математика пәни бойынша питкериўшиси менен үш тәреплеме шәртнама дүзилгенлиги көрсетилген. Бул бойынша үйренгенимизде ҳақыйқаттанда питкериўшиси М.Казакова, Нөкис мәмлекетлик педагогика институты ҳәм 50-санлы мектеп тәрепинен «Жас қәнигениң қәнигелик педагогикалық әмелиятын өтеў ҳәм келешекте жумыс пенен тәминлениўине жәрдемлесиў ҳаққында»ғы үш тәреплеме шәртнама дүзилген. Бирақ, үш тәреплеме шәртнаманың 3.2.4. бәнтинде питкериўшини институтты тамамлағаннан кейин қәнигелиги бойынша **бос (вакант) орны болған жағдайда** орнатылған тәртипте қәнигелиги бойынша жумыс пенен тәмийинлеў көрсетилген болып, егерде мектепте бос (вакант) орынлар болмаған жағдайда жумыс бериўден бас тартыўға ҳақлы болып есапланады. Соның ушында мектеп директоры Э.Палуанова тәрепинен питкериўши М.Казакова менен педагогикалық әмелият өтеў ушын дүзгенлиги анықланды. («Жас қәнигениң қәнигелик педагогикалық әмелиятын өтеў ҳәм келешекте жумыс пенен тәмийинлениўине жәрдемлесиў ҳаққында»ғы үш тәреплеме шәртнама нусқасы қоса тигиледи)

6. Мүрәжатта мектепте еки ингилиз тили муғаллими бар. Ингилиз тилинен ноябрь айында бир таза муғаллим алынды. Еки ингилиз тили муғаллими декретте. Келеси оқыў жылында бул еки муғаллимде жумысқа келеди, оларға саатты қаяқтан таўып бериледи деп көрсетилген. Бул бойынша үйренилгенде 2020-жыл сентябрь айында үш ингилиз тили оқытыўшысы болып булардан И.Сабироваға 15 саат, Г.Жанназароваға 11 саат ҳәм Д.Сайдахмадоваға 11 саат берилген. Д.Сайдахмадова 2020-жыл 1-декабрь сәнесинде декрет дем алысына жиберилген. Д.Сайдахмадованың 11 саат ингилиз тили Г.Жанназарова ҳәм И.Сабировалардың саатлары толықтырмастан Нөкис қаласы «Бәнтликке көмеклесиў орайы»на вакансияға қойылып орнына Г.Алламуратова «Бәнтликке көмеклесиў орайы»ның жолламасы менен 50-санлы мектеп тәрепинен 2020-жыл 1-декабрь сәнесинде 22-санлы буйрығы менен ўақтынша жумысқа алынған бирақ Г.Алламуратованы буйрық пенен таныстырып тил хат

алынбаған болып, Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 82-статьясы талаплары бузылғанлығы анықланды. (тастыйықлаўшы ҳүжжетлер қоса тигиледи).

7. Мүрәжатта Нөкис мәмлекетлик педагогика институтын қызыл диплом менен питкерген 10 жыллық ис тәжирийбеге ийе Г.Назарханова 2019-2020-оқыў жылында қарақалпақ тили пәнинен 4 саат пенен жүргенде үстине еки муғаллимди алды, З.Узақбергенова ҳәм К.Танабергеновларды. Мине усындай муғаллимлердиң ҳуқықларынан гөре өз жеке мәпин үстем қоятуғын басшыдан қандай үмит күтсек болады деп көрсетилген. Бул бойынша анықлық киритkенимизде 2019-2020-оқыў жылында 50-санлы мектепте қарақалпақ тили пәнине 6 муғаллим жумысқа қабыл етилген болып (Тажимова Амина 8 саат пенен, Бекмуратова Райма 6 саат пенен, Қайыпназарова Бибигул 8 саат пенен, Назарханова Гулнара 4,5 саат пенен, Сабурова Улбосын 4 саат пенен, Календерова Гулсара 5 саат пенен) мектеп педагог хызметкерлердиң тарификациясына киргизилген.

2020-жыл 29-январьда қарақалпақ тили пәни муғаллими У.Сабурова жумыстан босаўы менен оның саатлары Нөкис қаласы «Бәнтликке көмеклесиў орайы»на ваканцияға қойылып, 2020-жыл 30-январь куни орнына тийкарғы муғаллим етип К.Таңирбергенов 4 саат пенен мийнет шәртанамасы дүзилип, буйрық рәсмийлестирилген.

2020-жыл 3-январьда қарақалпақ тили пәни муғаллими Г.Календерова жумыстан босаўы менен оның саатлары Нөкис қаласы «Бәнтликке көмеклесиў орайы»ның жолламасына тийкарланып, 2020-жыл 8-январь куни орнына тийкарғы муғаллим етип З.Узақбергенова 5 саат пенен мийнет шәртанамасы дүзилип, буйрық рәсмийлестирилген.

Сондай-ақ, К.Таңирбергенов ҳәм З.Узақбергеноваларды жумысқа қабыл етилгенлиги ҳаққында буйрық пенен таныстырылып тил хат алынбаған ҳәм Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 82-статьясында көрсетилген талаплар бузылғанлығы анықланды.

8. Мүражатта К.Утепова ҳәм 13 муғаллим 2020-жыл 14-март күни «Қайыр сақаўат» шембилигине келмегени ушын бизлерге Қатаң Сөгис интизимий жаза шарасы көрилген буйрығының туп нусқасы жоқ етилген деген шағымы бойынша 50-санлы мектептиң буйрық китабын көргенимизде ҳақыйқаттанда буйрық китабының бетлери 177 (бир жүз жетпис жети) беттен ибарат болсада мектеп тәрепинен 186 бет деп көрсетилип тастыйықланған ҳәм Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими тәрепинен 2020-жыл 18-май күни 177 бет етип қайта дүзетилип тастыйықланған. Бирақ, жоқарыда көрсетилген хызметкерлердиң интизамий жаза шаралары берилгенлиги ҳаққында буйрық китабында көрсетилмеген ҳәм шығарылған буйрықлардың избе-излиги дурыс екенлиги анықланды. (Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының 2020-жыл 22-октябрь сәнесиндеги №9/4-207357/20-санлы мүражатқа жуўап хаты қоса тигиледи)Бул бойынша 2020-жыл 15-май сәнесиндеги Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлиминиң юристконсульты тәрепинен үйренип шығылып, ҳалық билимлендириў бөлиминиң 2020-жыл 19-май күнги01-01/1743-санлы хаты менен 50-санлы мектепке буйрық китабларында жиберилген қәте кемшиликлер бойынша ис-илаж белгилеў ҳәм сапластырылған жумыслар бойынша бөлимге мағлыўмат бериў соралған болсада бул бойынша мектеп тәрепинен бирде бир жумыс алып барылмағанлығы анықланды.

Мағлыўмат таярлаған:

ҚРХБМ улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими қәнигеси, исши топар баслығы — Ж.Раметуллаев

ҚРХБМ кадрлар бөлими баслығы — С.Жуманиязов

Кегейли районы ХББ орайласқан финанс бухгалтерия хызмети есапшысы — Т.Кунназаров

Нөкис қалалық ХББ орайласқан финанс бухгалтерия хызмети есапшысы — Г.Иснетуллаева

Қоңырат районы ХББ кадрлар бөлими баслығы — У.Кудайбергенов

Нөкис районы ХББниң юрисконсульты — Ы.Жуманазаров

Нөкис районы ХББне қараслы 1-санлы мектеп оқыў ислери бойынша директор орынбасары — К.Сарсенбаев

Таярланған мағлыўмат пенен таныстым:

Нөкис қалалық ХББ не қараслы 50-санлы мектеп директоры — Э.Палўанова

«Тастыйықлайман»
Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри
Р.Реимов
_____ 2021-жыл

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинде, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде таълимниң сыпатын көтериў ҳәм де мектеп жәмәәтиндеги саламат орталықты тәртипке салыў мақсетинде өткерилген жыйналыс**

**БАЯНЛАМАСЫ**

**№ 4/3**

**14-апрель 2021-жыл**

**Нөкис қаласы**

**Мәжилис баслығы:** **Қ.Бекбаулиев** – Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары ў.ў.а

**Қатнасты:**

А.Қыпшақбаев – Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы ,
С.Жуманиязов –Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги кадрлар бөлими баслығы
П.Ақназаров - Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслығы
В.Султанова – Нөкис қалалық билимлендириў бөлими кәсиплик аўқамы шөлкеми баслығы
Э.Палўанова - 50-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры
П.Палўанова - 50-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директорының оқыў-тәрбия ислери бойынша орынбасары
Э.Мамбетова - 50-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директорының руўхыйлық-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасары
Ж.Раметуллаев – Халық билимлендириў министрлиги қәнигеси, жыйналыс хаткери

**Күн тәртибинде:**

**1. Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде таълимниң сыпатын көтериў ҳәм де мектеп жәмәәтиндеги саламат орталықты тәртипке салыў ҳаққында.**

---

*Қ.Бекбаулиев, А.Қыпшақбаев, С.Жуманиязов, П.Ақназаров ҳ.т.б*

Жыйналысты Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаулиев жыйналғанларды «Рамазан айы» менен қутлықлады ҳәм жыйналысты басқарып барды.

Улыўма билим бериў мектеп директорының лаўазым мәжбүриятлары менен таныстырып, мектепте жумыс барысын дурыс шөлкемлестириў хәмде тийисли көрсетпелер бериў, жәмийетте саламат орталықты қәлиплестириў, мектеп жанындағы арнаўлы комиссия жумысларында объективлик, ашықлық әшкаралықты тәмийинлеў ушын шәрт-шараятлар жаратыў керек екенлиги атап өтти.

Мәжилиске Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы бөлим баслығы А.Қыпшақбаев сөзге шығып, ол өз сөзинде билимлендириў мәкемеси жәмәәти тәрепинен келип түсип атырған мүрәжатлар көбейип кеткенлиги, мектеп жәмәәтиндеги саламат орталықты қәлиплестириў бойынша өз түсиниклерин билдирип, егер мектеп жәмәәтинде саламат орталық қәлиплеспесе Халық депутатлары Нөкис қалалық кеңесине усыныс киритилетуғынлығын айтып өтти. Бул жағдайларды тоқтатыў мақсетинде қандай жумысларды алып барыў кереклиги бойынша мектеп басшылары менен ашық түрде сораў жуўап түринде сәўбетлесиў өткерилди.

Буннан соң мектеп директоры Э.Палўанова сөзге шығып, ол өз сөзинде жәмәәтиндеги саламат орталықты бузылыўына себепши болған факторларды, жәмәәтте болып атырған жағдайларды айтып өтти. Мектеп жәмәәти менен сыйласықлы түрде бир-биреўди тыңлап жумыс алып барылса бул жағдайлар болмайтуғынлығын айтып өтти.

Буннан соң мектеп директорының оқыў-тәрбия ислери бойынша орынбасары П.Палўанова сөзге шығып, ол өз сөзинде мектеп директоры мектеп жәмәәти менен аўызбиршилик пенен бирге ислесип, мүрәжатларын тыңласа мектепте саламат орталық қәлиплестуғынлығын айтты.

Мектеп басшылары бул жағдайларды алдағы ўақытлары болдырмаў мақсетинде мектеп жәмәәти менен өз-ара жыйналыс өткерип, жуўмағы бойынша Халық билимлендириў министрлигине мағлыўмат беретуғынлығы айтылды.

Күн тәртибиндеги мәселелер бойынша билдирилген пикир хәм усынысларды есапқа алып, мәжилис **қарар етеди:**

1. Күн тәртибиндеги мәселелер бойынша Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қарaслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектебиндеги саламат орталықты жаратыў, оқыў-тәрбия процессин жақсылаў бойынша Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаулиев, Қарақалпақстан Республикалық Прокуратурасы бөлим баслығы А.Қыпшақбаев, Халық билимлендириў министрлиги хызметкерлериниң хәм 50-санлы улыўма орта билим бериў мектеби басшы хызметкерлериниң пикирлери мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектебиндеги саламат орталықты қәлиплестириў, оқыў-тәрбия процесслерин алып барыўда мектеп басшылығының, мектеп директоры, директор орынбасарлары, мектептиң метод бирлеспе баслықларының хәм мектеп жәмәәтиниң өзлерине тийисли болған лаўазым мәжбүриятлары бойынша мектепте кеңейтилген мәжилис өткерилсин.

4. Усы баянламада берилген тапсырмалардың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаулиевқа жүклетилсин.

**Хаткер:** **Ж.Раметуллаев**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ
BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nókis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62
Tel: (0-361) 222-24-37, 222-98-30: www.kkedu.uz,e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

"22" – aprel 2021-j

№ 01-02/01- 2079

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Нөкис қалалалық прокуратурасына**

2020-жыл 30-июльде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Қаржы министрлиги, Ден саўлықты сақлаў министрлигиниң 2020-жыл 20-июньдағы 8-мх, 28, 124/1-санлы қоспа қарары менен қабыл етилген, Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен 2020-жыл 30-июньда 3271-сан менен дизимнен өткен "Улыўма орта билим бериў мәкемелеринде класларды комплектлеў ҳәмде тарификация дизимин ислеп шығыў тәртиби ҳаққында»ғы Режениң 15-бәнтинде мектеп оқытыўшыларына сабақ саатлары көрсеткишлериниң избе-излиги тийкарында бөлистириледи, улыўма орта билим бериў мәкемелериниң педагогикалық кеңеси тәрепинен сабақлар қайта бөлистириўи мүмкин, 16-бәнтинде жоқарыдағы көрсетилген избе-излик тийкарында дәрежеси жоқары болған муғаллимлерге сабақлардың максимал муғдары қайта бөлип берилиўи усыныс етиледи.

Максимал сабақ саатларын алыў имкәниятына ийе болған муғаллимниң жазба разылығы менен оған ажыратылыўы мүмкин болған сабақ саатлары басқа муғаллимге берилиўи мүмкин делинген.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2016-жыл 30-майдағы 6-мх-санлы буйрығына тийкар "Улыўма орта билим бериў мәкемелериниң педагогикалық кеңеси ҳаққындағы Үлги Реже" ниң (Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен 2016-жыл 9-июньда дизимнен 2799-сан менен өткизилген) 8-бәнтинде улыўма орта билим бериў мектеби директоры педагогикалық кеңес баслығы есапланады, 19-бәнтинде педагогикалық кеңес тәлим-тәрбия сыпатын жәнеде жақсылаў бойынша берилген ҳәр қандай усынысты қабыл етиў ҳәм көрип шығыўға мәжбүр деп көрсетилген.

Жоқарыдағы нызам талапларын бузған ҳалда, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде 1-категориялы география оқытыўшысы К.Утепова сол ўақытлары 5 саат пенен жүрген болсада, **география пәни муғаллими Н.Асенова декретке кеткеннен соң оның саатлары** мектеп директоры тәрепинен Н.Ганиевка алып берилген. Бул сабақ саатлары Нөкис қаласы «Бәнтликке көмеклесиў орайы»на вакант орны сыпатында көрсетилмеген ҳәм Н.Ганиевка жумысқа кириў бойынша жоллама берилмеген болсада мектеп директоры Э.Палуанова тәрепинен декрет орнына ўақтынша география оқытыўшы етип жумысқа қабыллап, мийнет шәртнамасы ҳәм буйрық рәсмийлестирген. Сондай-ақ, Н.Ганивтиң жумысқа киргенлиги ҳаққында буйрығы менен таныстырып тил хаты алынбаған ҳәм Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 82-статьясында көрсетилген талаплар бузылғанлығы анықланды.

2020-жыл сентябрь айында үш ингилиз тили оқытыўшысы болып, булардан И.Сабироваға 15 саат, Г.Жанназароваға 11 саат ҳәм Д.Сайдахмадоваға 11 саат берилген. Д.Сайдахмадова 2020-жыл 1-декабрь сәнесинде декрет дем алысына жиберилген. Д.Сайдахмадованың 11 саат ингилиз тили сабағы Г.Жанназарова ҳәм И.Сабировалардың саатлары толықтырмастан, олардан разылық хаты алынбастан Нөкис қаласы «Бәнтликке көмеклесиў орайы»на вакансияға қойылып орнына Г.Алламуратова «Бәнтликке көмеклесиў орайы»ның жолламасы менен 50-санлы мектеп директоры тәрепинен 2020-жыл 1-декабрь сәнесинде 22-санлы буйрығы менен ўақтынша жумысқа алынған, бирақ Г.Алламуратованы буйрық пенен таныстырып тил хаты алынбаған болып, Өзбекстан Републикасы Мийнет Кодексиниң 82-статьясы талаплары бузылғанлығы анықланды.

Scanned by CamScanner

2019-2020-оқыў жылында 50-санлы мектепте қарақалпақ тили пәнине 6 муғаллим жумысқа қабыл етилген болып (Тажимова Амина 8 саат пенен, Бекмуратова Райма 6 саат пенен, Қайыпназарова Бибигул 8 саат пенен, Назарханова Гулнара 4,5 саат пенен, Сабурова Улбосын 4 саат пенен, Календерова Гулсара 5 саат пенен) мектеп педагог хызметкерлердиң тарификациясына киргизилген.

2020-жыл 3-январьда қарақалпақ тили пәни муғаллими Г.Календерова жумыстан босаўы менен пән муғаллимлери жетерли болсада оның саатлары Нөкис қаласы «Бәнтликке көмеклесиў орайы»ның жолламасына тийкарланып, 2020-жыл 8-январь күни орнына тийкарғы муғаллим етип З.Узақбергенова 5 саат пенен мийнет шәртанамасы дүзилип, буйрық рәсмийлестирилген.

2020-жыл 29-январьда қарақалпақ тили пәни муғаллими У.Сабурова жумыстан босаўы менен мектепте пән муғаллимлери жетерли болсада оның саатлары Нөкис қаласы «Бәнтликке көмеклесиў орайы»на ваканцияға қойылып, 2020-жыл 30-январь күни орнына тийкарғы муғаллим етип К.Таңирбергенов 4 саат пенен мийнет шәртанамасы дүзилип, буйрық рәсмийлестирилген.

Сондай-ақ, К.Таңирбергенов ҳәм З.Узақбергеноваларды жумысқа қабыл етилгенлиги ҳаққында буйрық пенен таныстырылып тил хат алынбаған ҳәм Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 82-статьясында көрсетилген талаплар бузылғанлығы анықланды.

Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектетиң кең жәмәәтшилиги арасында қатар наразышылықлардың келип шығыўына себепши болған мектеп директоры тәрепинен жумысқа қабыл етиў бойынша шығарылған буйрықларды белгиленген нызам талапларына тийкарланып ҳуқықый тәрептен қарап шығып бийкар етип бериўиңизди соранамыз.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри** **Р.Реимов**

Scanned by CamScanner